



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Abimanyu Ilang

Abimanyu Hilang

Penulis:
Minyati, S.Pd., M.Pd

Ilustrator:
Adi Chandra





KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Abimanyu Ilang

Abimanyu Hilang

Penulis : Minyati, S.Pd., M.Pd.
Ilustrator : Adi Chandra
Penerjemah: Minyati, S.Pd., M.Pd.

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia.**

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

Abimanyu Ilang

Abimanyu Hilang

Penulis : Minyati, S.Pd., M.Pd.

Ilustrator : Adi Chandra

Penerjemah : Minyati, S.Pd., M.Pd.

Penyunting : Nindwihapsari

Penata Letak : Eros Rosita

Penerbit

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta

<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-112-420-3 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Spicy Burger, Calibri
ii, 28 hlm: 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi





Dina iku wayah jam rolas awan. Gendhing swara gamelan wiwit muni ana ing SD Harapan Bangsa. Swara gamelan iku kanggo tandha mlebu kelas, ngaso, lan bubarane sekolah. SD Harapan Bangsa pancen kawentar Sekolah Berbasis Budaya. Pengarepe, murid-murid ben luwih ngenal budayane dhewe.

Swara gamelan saka *speaker* keprungu tekan njaba sakiwa tengene sekolah. Swarane kepenak dirungokake ing kuping. Kabeh uwong sing liwat mesthi noleh yen wayahe gamelan muni.

Gandheng kepener dina Setu, swara gamelan mau tandha istirahat utawa bali. Ora kabeh kelas oleh bali, mung kelas 1 nganti kelas 5. Kelas 6 durung bali amarga ana pelajaran tambahan, kanggo persiapan ujian.

Ora beda karo liyane yen wayahe bubarane, kelas 5 uga rame. Sauwise piwulangan ditutup marang Pak Guru, bocah-bocah rebutan lawang arep metu. Pancen wayahe bubarane sekolah marahi bocah kabeh bungah.

Hari itu pukul dua belas siang. Suara gamelan terdengar dari SD Harapan Bangsa. Suara gamelan itu sebagai tanda masuk kelas, istirahat, dan pulang sekolah. SD Harapan Bangsa dikenal sebagai Sekolah Berbasis Budaya. Harapannya, murid-murid bisa lebih mengenal budaya sendiri.

Suara gamelan dari *speaker* terdengar keluar di sekitar sekolah. Suaranya terdengar nyaman di telinga. Semua orang yang mendengarnya pasti menoleh ke arah sekolah.

Karena hari Sabtu, suara gamelan itu sebagai tanda istirahat atau pulang. Tidak semua kelas boleh pulang, hanya kelas 1 sampai kelas 5. Sedangkan, kelas 6 masih ada pelajaran tambahan, untuk persiapan ujian.

Sama halnya dengan kelas-kelas yang lain, jika tiba waktu pulang, kelas 5 juga ramai. Setelah pelajaran ditutup oleh Pak Guru, para murid berebut pintu untuk keluar. Saat pulang sekolah membuat semua anak bergembira.

“Bim... Bim... tasmu urung kok rit-ke!” aloke Santo nguyak Abim sing wus angkas ing ngarep ora noleh.

Santo kasil nututi ing mburine Abim, banjur mbenakake tas kancane iku. Isa jejer nanging mung meneng bae. Wus apal yen Abim nesu ora bakal gelem caturan. Isane mung nglirik lambene kancane sing mecucu ngampet nesu.

Kaya adat saben sadurunge bali Abim mesthi njujug musala sekolah. Santo tetep mlaku ing jejere. Tekan ngarep musala, tas ransel dijupuk Santo. Biasane Santo lungguh ing teras musala, nunggoni kancane salat Zuhur.

Santo isih melu mangkel karo Farel sakancane. Mesakake karo Abim sing kerep diolok-olok karo Farel sakancane. Ana-ana bae sing marahi Farel duwe alasan mancing emosine Abim. Kaya mau pas jam ngaso, kebenaran jadwal piket Abim.

“Bim... Bim... tasmu belum ditutup!” teriak Santo mengejar Abim yang sudah bergegas di depannya tanpa menoleh.

Santo berhasil menyusul di belakang Abim, kemudian menutupkan tas temannya itu. Mereka berjalan berdampingan tapi saling diam. Santo sudah hafal jika Abim marah pasti tidak mau berbicara. Santo hanya bisa melirik bibir temannya yang cemberut menahan marah.

Seperti biasanya sebelum pulang, Abim pasti menuju musala sekolah. Santo tetap berjalan di sampingnya. Sampai di depan musala, tas ransel diambil Santo. Biasanya Santo duduk di teras musala menunggu temannya sholat zuhur.

Santo masih jengkel juga dengan Farel dan temannya. Ia kasihan dengan Abim yang sering diejek oleh Farel dan temannya. Ada saja hal yang membuat Farel punya alasan memancing emosi Abim. Seperti tadi saat jam istirahat, kebetulan jadwal piket Abim.



Pas mbusak ing papan tulis, Abim ora tekan mbusak sing ndhuwur. Farel wus bengok-bengok, "Mulane cah TK aja mlebu ing kelas 5. Coba, lak ora isa ta mbusak ndhuwur?"

Rando karo Nelson ngakak banter banget. Kanca-kanca liyane ngampet mangkel, melas karo Abim. Wus dha apal tingkahe cah telu iku sing paling nakal ing kelas. Santo banjur marani Abim nyaut penghapus trus dibuseki sing ana ing ndhuwur.

Abimanyu Budi Luhur, biasane diceluk Abim. Lair prematur utawa durung wayahe, bobote mung 1 kg. Arepa wis kelas 5 nanging dhuwure kaya bocah kelas 1 SD. Mesthi wae ana kancane sing usil karo Abim. Saben-saben mesthi dadi sasaran Farel, bocah sing paling nakal ing kelas.


Angin sumilir ing teras musala gawe Santo merem melek nahan ngantuk. Mak dhengkluk, gulune Santo wis ndhungkluk, merem. Dumadakan pundake wus dijawab Abim sing wus lungguh ing jejere.

Saat menghapus di papan tulis, tangan Abim tidak sampai di bagian atas. Farel lalu berteriak, "Anak TK jangan masuk di kelas 5. Lihat, tidak bisa menghapus sampai atas kan?"

Rando dan Nelson tertawa keras. Teman-teman lainnya menahanjengkel, iba dengan Abim. Teman-teman sudah hafal perilaku mereka bertiga yang paling nakal di kelas. Santo menghampiri Abim mengambil penghapus dari tangan Abim, kemudian menghapus yang bagian atas.

Abimanyu Budi Luhur, biasa dipanggil Abim. Lahir prematur atau belum waktunya, beratnya hanya 1 kg. Meskipun sudah kelas 5 tetapi tingginya mirip anak kelas 1 SD. Tentu saja ada temannya yang usil dengan Abim. Selalu saja jadi sasarannya Farel, murid yang paling nakal di kelas.

Semilir angin di teras musala membuat Santo merem melek menahan kantuk. Selanjutnya, leher Santo sudah tertunduk, terpejam. Tiba-tiba bahunya sudah dicolek Abim yang duduk di sampingnya.



“San, aku arep pindah sekolah wae kok,” kandhane Abim karo nampani tas.

Santo kaget. Matane kriyip-kriyip banjur celathu, “Mbok rasah pindah, wong wus kelas 5 kok. Urung karuan ing sekolah anyar kancane ora dha nakal-nakal. Ora mung kuwi, angel lho golek kanca sing apikan kaya aku!”

Abim njotos alon pundake Santo. Sing dijotos mung melet.

“Sabar sithik maneh. Kabeh sakelas apikan karo kowe ta? Kajaba cah telu sing usil kae,” ujare Santo karo ngelus rambute Abim. Raine Santo diadhepake sinambi cengar-cengir gawe guyu Abim. Cah loro dha rangkulan ngakak.

“San, saya mau pindah sekolah saja,” ucap Abim sambil menerimata dari Santo.

Santo kaget. Matanya menyipit kemudian menjawab, “Jangan pindah! Kamu kan sudah kelas 5. Belum tentu di sekolah baru temannya tidak ada yang nakal. Bukan hanya itu, sulit lho cari teman yang baik seperti saya!”

Abim memukul pelan bahu Santo. Santo hanya menjulurkan lidah.

“Sabar, Bim. Teman satu kelas baik semua kan sama kamu? Kecuali tiga anak itu,” ucap Santo sambil mengelus rambut Abim. Wajah Santo disodorkan sambil membuat mimik lucu membuat Abim tertawa. Keduanya tertawa keras sambil berangkulan.



Metu saka langgar lambene Abim wus ora mecucu. Santo dadi rada ayem. Sinambi nganggo sepatu, celathu karo Abim, "Nonton balap merpati kolong, yuk!"

Abim mung manthuk, ora metu swarane. Sing penting wus ora mecucu.

Cah loro nuju parkir sekolah njupuk pit. Bablas metu saka gapura sekolah nuju panggonan balap merpati kolong. Pendhak dina Sabtu ana balapan gaburan manuk dara. Balapan merpati kolong ora patia adoh saka SD Harapan Bangsa. Penere ing tengah sawah sing ora ana tandurane pari.

Nalika tekan panggonan, balapan wus diwiwiti, rame sorak-sorak penonton. Manuk merpati pating sliwer mabur lan mencok ing panggonan sing diwenehi tandha. Tandha iku awujud pring dawane wolung meteran sing dipasang mubeng persegi. Papan diubengi pring papat mau kanggo titik manuk mencok dhisik-dhisikan.

Keluar dari musala bibir Abim sudah tidak cemberut. Santo menjadi tenang. Sambil mengenakan sepatu, ia berkata ke Abim, "Lihat lomba merpati kolong, yuk!"

Abim hanya mengangguk, tidak keluar suaranya. Yang penting ia sudah tidak cemberut.

Keduanya menuju tempat parkir sekolah untuk mengambil sepeda. Mereka melesat keluar dari gerbang sekolah menuju tempat lomba merpati kolong. Setiap hari Sabtu ada lomba burung merpati diterbangkan. Tempat lomba merpati kolong tidak begitu jauh dari SD Harapan Bangsa. Tepatnya di tengah sawah yang sudah tidak ada tanaman padi.

Sampai di sana, lomba sudah dimulai, ramai sorak-sorak penonton. Burung merpati berterbangan dan hinggap di titik yang sudah diberi tanda. Tanda tersebut berupa bambu yang panjangnya delapan meter dipasang dengan bentuk persegi empat. Tempat tersebut merupakan titik burung merpati berlomba-lomba hinggap lebih dulu.

Bocah loro katon bungah banget, melu bengok-bengok utawa ngeploki. Santo seneng atine Abim wus entuk hiburan. Nganti ora krasa wayah wus ngancik jam setengah telu sore. Abim ngelingke Santo wayahe menyang Gereja.

“San, balia dhisik ya, kowe kudu menyang gereja ta? Abim ngelingake Santo.

“Aku le bali mengko bae,” celathune Abim karo mripate isih nyawang ndhuwur.

“Ya, koweyagekbali, mundhak digoleki ibumu,” wangsulane Santo karo menyat.

Ora let suwe balapan manuk merpati rampung. Lamat-lamat krungu swara azan. Abim menyat, numpak pit arep golek mesjid sing cedhak.

Kedua anak itu terlihat ceria, berteriak dan bertepuk tangan. Santo lega Abim sudah terhibur. Tidak terasa sudah pukul setengah tiga sore. Abim mengingatkan Santo waktu untuk ke Gereja.

“San, kamu pulang dulu ya, kamu harus ke gereja kan?” Abim mengingatkan Santo.

“Saya pulang nanti,” lanjut Abim seraya matanya masih melihat ke atas.

“Ya, kamu juga segera pulang ya, ibumu pasti sudah mencari,” jawab Santo sambil berdiri.

Beberapa jam kemudian lomba selesai. Sayup-sayup terdengar suara Azan. Abim berdiri, menaiki sepeda mencari masjid terdekat.

Metu saka mesjid, Abim jane arep langsung bali. Embuh kok kelingan maneh kancane sing ngece. Abim banjur kelingan karo pesene bu guru BK. Ngendikane bu guru, olahraga ki marahi seneng atine. Mula Abim ngenggokake pit menyang arah sing ora nuju omahe. Niate pengin pit-pitan sisan, sapa ngerti ilang mangkele.

Pit *Federal* dipedhal sikile sing ora dawa, untunge sadhel wus dicendhekake. Pancen ora duwe tujuan, mula waton medhal ngetutake dalan. Suwe-suwe dalan rata alus wus kliwatan. Ganti dalane munggah, menggak-menggok kiwa tengen akeh wit-witan gedhe. Abim koyo ora eling le numpak pit, waton mlaku.

Mbuh nganti pirang kilo meter menawa diukur le ngepit Abim. Dikira kringet, suwe-suwe dirasakake rambute teles anyep, jebul grimis. Pit tetep dipedhal, “Wong mung grimis kok,” batine Abim. Ora let suwe, banjur mak bresss..., udan ora isa dipenggak.

Keluar dari masjid, ia ingin segera pulang. Entah mengapa teringat kembali dengan temannya yang mengejek. Abim kemudian teringat dengan pesan bu guru BK. Kata bu guru, olahraga itu membuat bahagia. Abim mengayuh sepedanya menuju arah yang berlawanan dengan rumahnya. Niat hati dengan bersepeda, siapa tahu rasa marah akan hilang.

Sepeda *federal* dikayuh dengan kaki yang tidak panjang, beruntung sedel sudah dipendekkan. Memang tidak ada tujuan, hanya asal mengayuh. mengikuti jalan. Jalan rata dan halus sudah dilewati. Berubah jalan naik, berkelok dan kanan kiri penuh pepohonan besar. Abim seolah tidak sadar saat bersepeda, terlihat sekali asal mengayuh.

Entah sudah berapa kilometer Abim bersepeda. Dikira keringat, lama-lama rambutnya basah, ternyata gerimis. Sepeda tetap dikayuh, “Hanya gerimis saja kok,” batin Abim. Tidak berapa lama, bresss..., hujan tidak bisa dicegah.



Abim age-age ngeyup ing tritisan omah sing dibukak jembar. Sawise namatake tenanan jebul Toko Kerajinan Wayang Kulit. Ing ndhuwur panggonane ngeyup, ana blabak sing tulisane gedhe-gedhe. Abim maca tulisane; DESA WISATA WAYANG KULIT PUCUNG, IMOIRI, BANTUL, YOGYAKARTA.

Abim kaget, ora krasa, jebul le numpak pit tekan Imogiri. Pancen uwong menawa lagi bunek atine, ora ngrewes kiwa tengen. Abim lagi eling mbasan awake kena banyu udan.

Saka panggonan Abim ngeyup, ana simbah-simbah lagi natah alus, thok-thok... thok-thok.... Abim penasaran, “Apa ta sing ditatah simbah iku?” batine karo ingak-inguk.

Simbah-simbah sing krasa menawa ana sing ngematake, banjur noleh marang Abim.

“Kene Le, ngeyup mlebu. Aja ing njaba bae. Gek wus, mundhak kadhemen!” ature Simbah mau karo tangane ngawe.

Abim segera berteduh di teras rumah yang terbuka lebar. Setelah diamati ternyata Toko Kerajinan Wayang Kulit. Di atas tempat Abim berteduh ada plakat dengan tulisan besar. Abim membacanya, DESA WISATA WAYANG KULIT PUCUNG, IMOIRI, BANTUL, YOGYAKARTA.

Abim terkejut, tidak terasa, ternyata ia bersepeda sampai Imogiri. Memang benar jika orang sedang gundah, tidak peduli kanan kiri. Abim baru menyadari setelah tubuhnya terkena air hujan.

Dari tempat Abim berteduh, ada seorang kakek sedang menatah pelan; thok-thok... thok-thok.... Abim penasaran, “Apa yang ditatah kakek itu?” batin Abim.

Kakek itu merasa jika ada yang mengamati, kemudian menoleh ke arah Abim.

“Kemari Nak, masuk. Jangan di luar. Cepat kemari, biar tidak kedinginan!” ucap Kakek sambil tangannya melambai ke arah Abim.



Abim rada pakewuh, mlebu apa ora. Menawa ora mlebu kok udane saya deres. Apa maneh Abim kepengin mangerteni apa kang digarap Simbah iku. Mulane ora wigah-wigih maneh, Abim mlebu nyedhaki Simbah iku.

“Lagi bali sekolah apa, Le?” pitakone simbah-simbah mau. Tangane simbah karo tetep natah lembaran kulit sing wus digambari.

“Nggih, Mbah,” semasure Abim karo namatake sing natah Simbah iku.

“Mbah, dangu nggih ndamel wayang-wayang niku?” Pitakone Abim. Tangane nudingi wayang-wayang sing dipasang ing tembok.

Simbah iku manthuk karo mesem. Mandeg le natah karo namatake Abim sing kendel iku. Simbah mau rada gumun, jaman saiki kok ana bocah cilik kaya Abim. Ora mung kendel, Abimanyu ya pinter basa, ngajeni karo wong tuwa.

Abim merasa ragu, masuk atau tidak. Kalau tidak masuk, hujannya semakin deras. Selain itu juga rasa ingin tahu apa yang sedang dikerjakan kakek itu. Maka tanpa rikuh lagi, Abim masuk mendekati kakek itu.

“Baru pulang sekolah, Nak?” tanya kakek itu. Tangan Kakek itu tetap menatah pada lembaran kulit yang sudah digambar.

“Ya, Kek,” jawab Abim sambil mengamati lembaran kulit yang ditatah.

“Kek, lama ya membuat wayang-wayang itu?” tanya Abim. Tangannya menunjuk wayang-wayang yang dipasang di dinding.

Kakek itu mengangguk sambil tersenyum. Berhenti menatah sambil menatap ke Abim yang pemberani. Kakek merasa heran, jaman sekarang kok ada anak seperti Abim. Bukan hanya pemberani, Abim juga bertutur kata sopan, menghormati orang tua.

Urung dijawab karo Simbah mau, Abim wus ngadeg. Abim namatake wayang-wayang sing dipasang ana ing tembok. Siji mbaka siji ditamatake, lagak-e kaya profesor arep neliti. Alise kala-kala njengkerut sajak mikir. Mripate rada dijembarke, wus ora kelingan karo mangkel atine.

Dumadakan Simbah wus miyos saka njero omah. Astane ngasta tembora kang isi teh anget loro karo sapiring Mendoan. Abim ora krasa yen ditinggal Simbah mlebu omah.

“Kene Le, ngombe anget-anget, karo ngenteni udan,” ngendikane Simbah.

Simbah sing semanak iku nggawe Abim ngrasakake kaya simbahe dhewe. Abim mangan ngethemul tempe sing diglumuti glepung banjur digoreng kui. Mendoan anget karo srupat-sruput ngombe teh anget, joss rasane. Lali karo ati sing gela mau awan ing sekolahan. Apa maneh kena grimis mau dadi saya krasa ngelih.

Belum dijawab oleh kakek itu, Abim sudah berdiri. Abim memperhatikan wayang-wayang yang dipasang di dinding. Satu demi satu diamati, seperti profesor mau meneliti. Alisnya kadang-kadang berkerut seperti berfikir. Matanya dibuka lebar, sudah tidak ingat dengan hatinya yang tadi jengkel.

Tiba-tiba kakek sudah keluar dari dalam rumah. Tangannya membawa nampan berisi dua gelas teh dan sepiring mendoan. Abim tidak menyadari kapan kakek masuk rumah.

“Kemari, Nak, minum teh, sambil menunggu hujan reda,” ucap kakek. Keramahan Kakek membuat Abim seolah sedang bersama Kakek sendiri. Abim makan tempe mendoan dengan lahap. Mendoan yang hangat, teh yang hangat, joss rasanya. Lupa dengan kejengkelan di sekolah siang tadi. Ditambah terkena grimis, semakin membuat perut lapar.

Simbah sing jenggote karo rambute wus putih iku asmane Mbah Sadli. Bola-boli Mbah Sadli nyawang Abim, kaya karo putune dhewe. Rumangsa seneng ana bocah jaman saiki duwe kepinginan mangerteni bab wayang. Mbah Sadli banjur nyetel video carane gawe wayang. Biasane video iku disetel menawa ana tamu sing kepingin ngerti carane gawe wayang.

Abim nggatekake tenanan, kaya nambani le ngampet penasarane kawit mau. Video mau isine film carane gawe wayang. Kawiwitan saka nyiapake kulit nganti dadi wayang. Saka lembaran kulit, digambari, lan diwarnani iku mbutuhake wektu nganti patang wulan.

Kulit sing dianggo gawe wayang iku duduk kulit sapi, nanging kulit kebo. Kawiwitane kulit kebo sing isih ana wulune banjur dikum banyu lendhut sewengi. Kulit mau banjur dipepe nganti garing, banjur dikeroki wulune. Lembaran kulit banjur digambari tokoh wayang nganggo paku cilik.

Sawise digambari banjur ditatah. Ana telung puluh loro jenis alat tatah sing dinggo gawe tokoh wayang. Sing paling mbutuhake ketelatenan karo kudu ngati-ati, yaiku pas natah. Suwene le natah uga gumantung jenis tokoh wayange. Pancen njlimet wayahe natah. Menawa salah le natah, bisa mbaleni saka pisanan.

Kakek yang janggut dan rambutnya sudah putih itu bernama Kakek Sadli. Berulang kali Kakek Sadli mengamati Abim, seolah cucunya sendiri. Merasa senang ada anak zaman sekarang yang punya rasa ingin tahu tentang wayang. Kakek Sadli memutar video tentang cara membuat wayang. Biasanya video diputar jika ada tamu yang ingin tahu cara membuat wayang.

Abim memperhatikan dengan seksama, seolah mengobati rasa penasarannya sejak tadi. Video tadi isinya film cara membuat wayang. Diawali dari menyiapkan kulit sampai menjadi wayang. Berawal dari lembaran kulit dan digambar, diwarnai membutuhkan waktu sampai empat bulan.

Kulit yang dipakai untuk membuat wayang bukan kulit sapi, tetapi kulit kerbau. Kulit kerbau yang masih ada bulunya disiapkan direndam air lumpur semalam. Kulit kemudian dijemur hingga kering, kemudian dibersihkan bulunya. Lembaran kulit kemudian digambar tokoh wayang menggunakan paku kecil.

Setelah digambar kemudian ditatah. Ada tiga puluh jenis alat tatah yang dipakai. Dibutuhkan ketelatenan dan kehati-hatian pada saat menatah. Lama waktu menatah juga tergantung tokoh wayangnya. Memang rumit proses menatah, jika salah menatah bisa-bisa mengulang dari awal.



Rampung ditatah banjur diwarnani utawa dicet. Pungkasane banjur wayang dipasang jepit sing digawe saka sungu kebo. Nah, wayang wus dadi, regane? Aja kaget, amarga le gawe njlimet lan suwe mula regane ya larang. Sak tokoh wayang regane ana sing nganti tekan patang yuta.

“Mbah, ingkang ditatah simbah niki tokoh wayang sinten, Mbah?” pitakone Abim.

“Oh... iki jenenge Abimanyu, Le,” ature Mbah Sadli karo tetep natah kulit.

“Abimanyu ki anake Arjuna.”

“Abimanyu? Wah, kok sami kalih kula lho, Mbah,” semaure Abim.

“Lho...kok apik tenan jenengmu, Le. Watake Abimanyu ki alus, apik tingkah lakune, tanggung jawab, lan kendel.” Ature Mbah Sadli karo nyawang Abim sajak gumun. Kok ya bisa pas jenenge bocah iki. Kendel, ora duwe wedi, tur ya sopan.

Selesai ditatah kemudian diwarnani atau dicat. Terakhir, wayang diberi pengait dari tanduk kerbau untuk pegangan. Nah, wayang sudah jadi, harganya? Jangan kaget, karena proses membuatnya yang rumit dan lama, harganya pun mahal. Satu wayang harganya ada yang mencapai empat puluh juta rupiah.

“Kek, yang ditatah kakek ini, tokoh wayang siapa, Kek?” tanya Abim.

“Oh... ini namanya Abimanyu, Nak.” Ucap kakek Sadli sambil tetap menatah kulit.

“Abimanyu adalah anak Arjuna.”

“Abimanyu? Wah, kok sama dengan nama saya, Kek,” ucap Abim.

“Lho...kok bagus sekali namamu, Nak. Sifat Abimanyu itu halus, bagus perilakunya, tanggung jawab, dan pemberani.” Ucap kakek Sadli sambil menatap Abim agak heran. Kok bisa pas sekali dengan nama anak ini. Pemberani, tidak ada rasa takut, juga sopan.

Ora kroso udan wus terang. Abimngadeg, salimkarongambung astane Mbah Sadli. Abim pamit arep bali. Lagi sak langkah metu, Abim mbalik marani Mbah Sadli.

“Mbah, kula kesupen mergine wangsul,” sambate Abim katon melas.

“Lho, Iha omahmu ki ngendi je, Le?” pitakone Mbah Sadli.

“Kilenipun Gembira Loka, Mbah,” semaure Abim.

Mbah Sadli kaget. Bocah iki jan ora mikir tenan nek dolan. “Wis, nek ngono tak telponke anakku, Le. Sapa ngerti isih ana ing pos.”

Mbah Sadli banjur njupuk HP ana ing sandinge le natah.

Ora let suwe ana polisi teka numpak mobil patroli. Polisi iku banjur mudhun saka mobil, marani Mbah Sadli, salaman lan ngambung astane Mbah Sadli. Jebul putrane Mbah Sadli kui polisi.

Tidak terasa hujan sudah reda. Abim berdiri, bersalaman sambil mencium tangan Kakek Sadli. Abim pamit akan pulang. Baru satu langkah keluar, Abim berbalik menghampiri Kakek Sadli.

“Kek, saya lupa jalan pulang,” keluh Abim terlihat kasihan.

“Lho, rumahmu mana, Nak?” tanya Kakek Sadli.

“Sebelah barat Gembira Loka, Kek,” jawab Abim.

Kakek Sadli kaget. Anak ini sama sekali tidak berpikir ketika bermain. “Ya sudah, kalau begitu saya teleponkan anak saya. Siapa tahu dia masih di pos.”

Kakek Sadli mengambil HP di samping beliau menatah.

Tidak begitu lama ada polisi datang naik mobil patroli. Polisi tadi turun dari mobil. Ia mendatangi Kakek Sadli, bersalaman dan mencium tangan Kakek Sadli. Ternyata anak Kakek Sadli seorang polisi.



“Nggih, Pak. Ayo, Le! Numpak neng ngarep ya. Pitmu tak selehke mburi bae.”

“Nggih, Mas,” semaure Abim kanthi bungah. Plong rasane bisa bali. Mesthi ibune wus bingung.

Polisi sing ngeterake Abim jenenge Mas Bimo. Prawakane gedhe dhuwur persis tokoh wayang Werkudoro. Wus gantheng, isih semanak, grapyak, arepa karo cah cilik.

“Ngapa ta, Le, pit-pitan kok nganti adoh?” Pitakone Mas Bimo karo nyetir.

Abim banjur crita ngethuprus, kaya karo kakangne dhewe.

“Rasah gela utawa nesu,” ujare mas Bimo karo mesem.

“Kabeh uwong ora ana sing sempurna, nanging ya ana keluwihane. Gusti Allah iku Maha welas asih. Sing penting saiki sinau sing sregep ngoyak cita-cita. Sesuk nek gedhe kari dha niteni. Sapa sing tenanan le sekolah, bakal kepenak uripe. Sapa sing sak kepenake dhewe le sekolah, bakal uripe sengsoro.”

“Ya, Pak. Ayo, Dik naik di depan ya. Sepedamu saya letakkan di belakang ya,” ajak anak Kakek Sadli ramah.

“Ya, Mas,” jawab Abim dengan ceria. Lega rasanya bisa pulang. Pasti ibunya sudah bingung.

Polisi yang mengantar Abim namanya Mas Bimo. Posturnya tinggi besar persis tokoh wayang Werkudara. Sudah ganteng, ramah lagi meskipun dengan anak kecil.

“Ada apa, Dik, sepedaan kok sampai jauh?” tanya Mas Bimo sambil mengemudi.

Abim bercerita penuh semangat seperti dengan kakak sendiri.

“Jangan sedih atau marah,” ucap Mas Bimo sambil tersenyum.

“Semua orang tidak ada yang sempurna, tetapi juga ada kelebihanannya. Tuhan itu Maha Pengasih. Yang penting sekarang belajar rajin mengejar cita-cita. Besok kalau sudah besar semua akan terbukti. Siapa yang bersungguh-sungguh saat sekolah akan enak hidupnya. Siapa yang seenaknya sendiri saat sekolah akan sengsara hidupnya”.

Mas Bimo le ngandhani Abim kaya karo adhine dhewe. Nganti ra krasa wus arep tekan omahe Abim.

Pas krungu azan Magrib, Abim tekan ngarep ngomah. Abim kaget omahe wis kebak uwong. Ibune katon nangis dha dirubung tangga kiwa tengen, ngenengenengi. Bapakne katon wira-wiri karo nyekel HP, mbingungi. Abim tambah kaget ngerti sing dha kumpul. Ing teras ana pak RT, pak guru, Santo, Farel, Nelson, karo Rando.

Mobil patroli polisi mlebu plataran pas ngarep teras omah. Kabeh sing dha lagi ngumpul kaget. Ibune saya njerit, wus wedi mbayangake anake nemoni bebaya. Weruh Abim mudhun saka mobil digandheng polisi Ibune mlayu. Kabeh dha melu nututi ngrubungi Abim.

Mas Bimo menasehati Abim seperti adiknya sendiri. Sampai tidak terasa sudah sampai rumah Abim.

Saat azan Magrib terdengar Abim sampai di depan rumah. Abim kaget rumahnya sudah penuh dengan orang. Ibunya menangis dikelilingi tetangga kanan kiri yang berusaha menghiburnya. Ayahnya terlihat mondar-mandir kebingungan sambil memegang HP. Abim tambah terkejut melihat orang-orang yang berkumpul. Di teras ada pak RT, pak guru, Santo, Farel, Nelson, dan Rando.

Mobil patroli polisi masuk halaman pas di depan teras rumah. Semua yang sedang berkumpul terkejut. Ibunya semakin menjerit, sudah takut membayangkan anaknya tertimpa musibah. Melihat Abim turun dari mobil digandeng polisi, ibu berlari. Semua ikut mengejar mengerumuni Abim.



“Oalah Le, kowe ki saka ngendi?” bengoke Ibune karo nubruk Abim. Ibune ngruket kenceng. Abim sing rumangsa salah mung meneng wae.

Kabeh padha lega Abim wus bali. Tamu padha pamit bali, kejaba pak guru karo kanca-kancane. Santo, Farel, Rando, lan Nelson nyedhaki Abim.

“Bim, aku, Rando, karo Nelson njaluk ngapura ya, Bim,” Farel ngajak salaman. Semana uga Rando lan Nelson ngajak salaman. Abim manthuk-manthuk karo mesem, tangane nyekeli lengene Santo sik isih ngrangkrul. Saka kadohan pak guru ngacungake jempole karo mesem. Abim bungah atine.

Ing sisih kulon, langit surup bar udan katon semburat emas. Apik, kaya lukisan.

“Oalah, Nak, kamudari mana?” teriak ibu sambil merengkuh Abim. Ibu memeluk erat. Abim yang merasa bersalah hanya diam saja.

Semua lega, Abim sudah pulang. Para tamu berpamitan, kecuali pak guru dan teman-temannya. Santo, Farel, Rando, dan Nelson mendekati Abim.

“Bim, saya, Rando, dan Nelson minta maaf ya,” Farel mengajak salaman. Begitu juga Rando dan Nelson mengajak salaman. Abim mengangguk sambil tersenyum. Tangannya memegang erat lengan Santo yang masih merangkulnya. Dari kejauhan pak guru mengacungkan jempol sambil tersenyum. Abim bahagia sekali.

Di sebelah barat langit senja sehabis hujan terlihat berwarna keemasan. Indah seperti lukisan.

Biodata

Penulis dan Penerjemah



Minyati, S.Pd., M.Pd. perempuan kelahiran Yogyakarta 24 April 1970 ini pernah belajar di Fakultas Filsafat UGM. Mengaku masih belajar menulis dan akan terus belajar. Menyadari bahwa menulis sebagai sarana untuk berdialog dengan dirinya sendiri. Semakin banyak menulis semakin ia mengenal dirinya sendiri. Ketika tulisannya selesai dan ia membacanya maka ia menjadi semakin tahu bahwa ia bukan siapa-siapa.

Beberapa karyanya yang pernah dipublikasikan adalah *Ketika si Jago Sakit* (2002, Cerpen), *Buku Pintar SMK* (tim) (2013, Buku), *Episode Abu-Abu Putih* (2020, Buku), *The Pandemic Seasion* (2021, Buku), *The Spirit of Sungkem* (2021, Artikel). Saat ini sedang belajar menulis berbahasa Jawa. Buku yang sedang Anda baca ini adalah buku berbahasa Jawa pertamanya.

Masih aktif mengajar di SMKN 4 Yogyakarta, untuk mata pelajaran Pendidikan Pancasila dan Kewarganegaraan. Aktivitas yang lain adalah mengelola Sekolah Ibu Nyi Ahmad Dahlan, merupakan sekolah non formal yang khusus untuk ibu-ibu. Pembaca bisa lebih dekat dengan penulis lewat posel bugurumin@gmail.com.

Ilustrator



Adi Chandra, lahir di Indramayu. Saya menyelesaikan pendidikan S1 di Universitas Indraprasta PGRI Jakarta. Karir sebagai ilustrator dimulai saat saya masuk kuliah. Hingga sekarang saya fokus sebagai *digital coloring* dan *background artist* di beberapa film animasi Indonesia, maupun Jepang. Saya bisa dihubungi melalui posel adichand29@gmail.com atau bisa disapa di Instagram [@adi_chand](https://www.instagram.com/adi_chand).

Penyunting



Nindwihapsari, lahir di Surakarta pada 28 November. Pernah menyunting naskah cerita anak. Saat ini aktif sebagai Widyabasa Ahli Muda di Balai Bahasa Provinsi DIY dan memiliki tugas utama di bidang perkamusan dan peristilahan. Ia dapat ditemui di Balai Bahasa Provinsi DIY dengan alamat Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Kotabaru, Yogyakarta atau via posel nindwihapsaribby22@gmail.com.

CERDAS
BERLITERASI



MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Tersesat jauh dari tempat tinggal memang menakutkan.
Tetapi, bagi Abimanyu justru menyenangkan.
Hal itu terjadi saat Abimanyu
menaiki sepeda sendirian menuju arah pulang.
Abimanyu tanpa sadar mulai tersesat menjauhi arah rumahnya.
Abimanyu tersesat dan bertepatan saat itu hujan melanda.
Abimanyu pun berteduh di salah satu rumah warga.
Kemudian apa yang terjadi kepada Abimanyu?
Apakah Abimanyu dapat kembali ke rumah?

ISBN 978-623-112-420-3 (PDF)



**KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023**